



YAYASAN PENDIDIKAN NURUL FALLAH CIKALONGKULON
SMP NURUL FALLAH

Kampung Cijati, Desa Mekarmulya, Kec. Cikalongkulon, Kabupaten Cianjur 43291
Telp./Fax. (0263) 2311655 - Email : nurulpalahcikalongkulon@gmail.com



**Heg baca sing gemet paguneman ieu di handap pikeun jawaban
no 1-4**

“Mah, aya nu badé ditaroskeun,” ceuk Atia.

“Naroskeun naon? Ké, Mamahna capé kénéh,” jawab indungna. Geus biasa, lamun tas nyanyabaan, Atia mah sok tetelepék ngeunaan naon-naon anu katénjo atawa nu kaalaman, boh di perjalanan boh di tempat nu dituju. Harita ogé kakara jol pisan tas piknik ti Maribaya.

“Sok, badé naroskeun naon? Mani bangun daria,” ceuk indungna deui, bari neuteup... bréh budak téh mani ngembang céngék.

“Kieu, Mah..., naon margina ari naék mobil sok istri heula, ari lungsur sok pameget heula. Geuning tadi ogé, basa naék angkot, Bapa mah ti pengker naékna...lungsumna mah ti payun,” pokna.

“Tah, éta téh salasihiji tatakrama dina naék jeung turun tina mobil.”

“Naon ari tatakrama téh, Mah?” Atia nanya deui.

“Tétéh terang! Tatakrama téh aturan sopan santun téa, nya?” omong lanceukna, haget mangjawabkeun.

“Leres. Sakumaha ceuk Si Tétéh, tatakrama téh mangrupa aturan sopan santun dina hirup kumbuh sapopoé. Tatakrama téh jembar pisan.

Lain ngan dina naék turun mobil baé, dina nyarita, waktu nyémah, dina maké papakéan, waktu dahar, anggah-ungguh awak, ngaliwat ka hareupeun jalma...," ceuk indungna, ngécéskeun.

"Dina waktos natamu atawa nyémah kumaha, Mah?"

"Tatakrama dina natamu di antarana, ngucapkeun salam, punten, atawa ngetrok panto tilu kali."

"Ari dina dangdosan?" ceuk Atia, bangun beuki panasaran.

"Sarua, aya tatakramana. Nya di antarana, papakéan anu dipaké ku urang téh kudu diluyukeun kana waktu jeung situasina."

"Mah, ari hubungan tatakrama sareng atikan moral... kumaha?" lanceukna milu nanya.

"Ari kitu?" malik nanya, giliran indungna ngembang kadu. Dina haté indungna aya rasa reueus duméh si Tétéh, lanceukna Atia nu kakara kelas tujuh SMP ngajukeun pananya anu kaitung alus jeung munel saperti kitu.

"Wiréhna Bapa Guru di sakola kantos nyabit-nyabit soal éta," jawabna.

"Hubungan tatakrama jeung atikan moral téh pohara raketna. Malah bisa disebutkeun tatakrama téh bagian tina atikan moral! Kapan nu disebut moral téh nyaéta ahlak, ajaran ngeunaan laku lampah hadé jeung goréng," ceuk indungna, "Tos heula, nya...Mamah badé salat asar heula.".

1. Naon nu jadi judul paguneman eta di luhur?

- A. Anak jeung indung C. Indung jeung lanceuk
- B. Adi jeung lanceuk D. Indung jeung anak

2. Nanyakeun naon atia ka indungna teh?

- A. Tatakrama dina waktu dahar
- B. Tatakrama naek jeung turun tina mobil
- C. Tatakrama waktu indit sakola
- D. Tatakrama dina waktu paggih jeung batur di jalan

3. Ari nu di pikareueus ku indungna saha?

- A. Bapana B. Lanceukna B. Adina D. Salakina

4. Saha bae nu kakibet dina eta paguneman?

- A. Atia,lanceukna,indungna B. Indungna jeung Lanceukna
- C. Indungna hungkul D.Atia jeung lamceukna

5. Naon nu jadi tema dina eta paguneman teh?

- A. Piknik ti maribaya
- B. Naek mobil jeung turun mobil
- C. Indung jeung anak
- D. Tatakrama dina naek mobil jeung turun mobil

6. Naon ari tatakrama teh?

- A. Aturan sopan santun dina hirup kumbuh sapopoe
- B. Aturan sopan santun nu di tetepkeun ku pamarentah
- C. Tata tartib dina sakola
- D. Tata cara kahirupan manusa sapopoe

7. Geus biasa lamun tas nyanyabaan, atia mah sok **tetelepek** ngeunaan naon-naon anu katenjo atawwa nu kaalaman, boh diperjalanan boh di tempat nu ditutuju.

Kecap **tetelepek** ngandung harti....

- A. Tara daek tatanya
- C. Bawel/cerewet
- B. Sok tunya tanya
- D. Tara campur gaul

8. "Sok bade naroskeun naon? Manu bangun daria," ceuk indungna deui bari neuteup....breh budahteh mani **ngembang cengek**.

Ngembang cengek sebutana nyaeta....

- A. Gelenye
- B. Mayung
- C. Embreuk
- D. Mencenges

9. "Ari kitu?" malik nanya, giliran indungna **ngembang kadu**.

Ngembang kadu hartina....

- A. Olohok
- B. Geulis
- C. Alewoh
- D. Bolotot

10. Paguneman bisa dilaksanakeun....

- A. Di mana bae
- C. Di jero kelas

B. Dina kaayaan dinas

D. Bari dariuk dina korsi

11. Paguneman teh dilakukeun ku....

A. Sorangan bari sorana bedas

B. Duaan tapi nu ngomongna saurang

C. Duaan atawa lewih bari silih tempas

D. Sorangan bari sorana teu ka denge ku batur

12. Paguneman teh asal kecapna tina gunem anu hartina?

A. Nyarita lemes

C. Nyarita silih tempas

B. Nyarita sorangan

D. Nyarita kasar

13. Harti anu paling deuket tina kecap paguneman nyaeta....

A. Silih asah B. Silih asih C. Silih asuh D. Silih tempas

14. Jejer dina paguneman teh nyaeta....

A. Diatur ku nu nyarita

C. diatur kunu diajak nyarita

B. Bisa naon bae

D. Teu bisa sembarangan

15. Di handap ieu kaasup conto antonim nyaeta....

A. Beunghar B. Wawuh\Wawoh C. Salam D. Gede\Leutik

16. Basa kasar biasana digunakeun ka....

A. Saluhureun B. Sahandapeun C. Sapantaran D. Sato atawa keur ambek

17. Kaulinan neangan batur nu nyampur upama saurang jadi ucing.

Biasana ucing ngitung heula mere batur nyumput saacan kudu neangan batur kabahanana. Kaulinan eta disebut....

A. Ucing bendera B. Ucing-ucingan C. Ucing sumput D. Ucing 20

18. Naek turuna lagu atawa luhur handapna sora disebut....

A. Volume B. Lentong C. Lafal D. Rengkak

19. Jalma anu tara daek barang bere ka batur disebut....

A. Buntut kasiran B. Elmu sapi C. Gurat cai D. Heuras letah

20. Kaliman nu eusina nepikein omongan jalma sejen ka jalma anu diajak nyarita kalawan bebas henteu saujratna, nyaeta kalimah....

A. Kalimah langsung C. Kalimah pananya
B. Kalimah campuran D. Kalimah teu langsung

21. Kalimah anu di ucapkeun ku nu nyarita ka jalma nu di ajak nyarita. Upamana dituliskeun, ngagunakeun kekenten (Tanda kutip). Nyaeta kalimah....

A. Kalimah langsung C. Kalimah pananya
B. Kalimah campuran D. Kalimah teu langsung

22. Ieu di handap conto kalimah langsung, *Iwal*....

A. "Hey, bade ngiring moel?" Ceuk Destri ka Mira
B. "Kumaha, dupi bapana aya?" ceuk semah kanu mukakeun panto

C. Bu Renu sasauran, "Engke buku latihana kempelkeun!"

D. Mun re ulin ka urang mah numpak motor we

23. Nu resep kaulinan medap teh nyaeta....

A. Barudak

C. Barudak awewe

B. Barudak lalaki

D. Barudak jeung kolot

24. Medar teh aya usumna nyaeta waktuna....

A. Usum halodo

C. Usum halodo keur alus angina

B. Usum hujan

D. Usum gede angin

25. Ari nu sok di ilukeun festival langlayangan mah jenisna....

A. Langlayangan hias

C. Langlayangan adu

B. Langlayangan gombres

D. Langlayangan leutik

26. Gambar langlayangan disebutna....

A. Lukisan

B. Wangkong

C. Gambar

D. Pulas

27. Manceran teh nuduhkeun wanci....

A. Mimiti bijil panon poe

B. Panon poe geus ngageser ka beulah kulon

C. Tengah poe

D. Waktu kira-kira jam 7 isuk nepi jam 9 isuk

28. ***Carancang tihang*** ge pun bapa mah tos angkat ka pasar.

Carangcang tihang nyaeta....

- A. Wanci liwat fajar, tetenjoan remeng-remeng keneh
- B. Waktu sabada haneut moyan, panon poe geus karasa panas
- C. Waktu dimana panon poe geus rek surup
- D. Waktu dimanaudat-udat bodas katembong ti beulah wetan

29. dina nulis iklan biasana kudu....

- A. Kudu singkat, padet, jeung narik nu maca
- B .Biasa-biasa wae lah
- C. Kudu resmu jeung sopan
- D. Kudu ngeunah kanu macana

30. Naon ari iklan teh?

- A. Omongan nu eusina pangumuman
- B, Caritaanmanu ngandung eusi pamohalan
- C. Teks anu eusina midangkeun hiji pasualan kalawan jelas
- D. Bentuk media kanggo promosikeun sagala hal